ku man a takk jabar na takk, ndaxte moo gën a man a damm ab gis, gën a man a sàmm péy mi, ku ko manul nag dénk naa ko woor, ndaxte dana ko man a téye

Jële nañu ci Abdullah ibn Mashuud yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: nekkoon nanu fi Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «ku man a takk jabar na takk, ndaxte moo gën a man a damm ab gis, gën a man a sàmm péy mi, ku ko manul nag dénk naa ko woor, ndaxte dana ko man a téye».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day soññ ki man a sëy ak li aju ci dundug sëy mu takk soxna; ndaxte moo gën a man a sàmm ab gisam ci lu araam, te moo gën a man a aar péyam, ak it tere ko a tàbbi ci ñaawteef, Ku manul a yor dundub sëy fekk ku man a sëy la kon na woor ndaxte dana dagg bànneexu péyam ak ayu maniyu mi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5863